



REPRIEVE



MASSACHUSETTS GENERAL HOSPITAL

Clinical Coordinating Center
Massachusetts General Hospital
55 Fruit Street, 5LON207
Boston, MA 02114

Data Coordinating Center
Massachusetts General Hospital
165 Cambridge Street Suite 400
Boston, MA 02114

Risk Maladi Kadyak ak Sante Kè Pami Moun ki ap viv ak maladi VIH ki Kalifye pou Prevalansyon Primè: Apèsi Esè Klinik REPRIEVE la

Pamela Douglas, Triin Umbleja, Gerald Bloomfield, Steven Grinspoon, and colleagues

<https://jamanetwork.com/journals/jamanetworkopen/fullarticle/2781497>

Kòm sivi pami moun ki pa viv ak maladi VIH (PWH) la amelyore, maladi kadyak vin yon kòz enpòtan maladi ak lanmò. Yon evalyasyon faktè risk ak konpòtman sante ki fèt avèk atansyon kapab gide itilizasyon medikaman ak chanjman nan mòd devyi ki kapab diminye risk epi pwolonje lavi. Sepandan, yo pa teste presizyon eskò risk maladi kadyak ki byen tabli yo pou PWH yo. Menm jan an, yo pa byen kategorize konpòtman sante pou PWH yo, ni nou pa konnen kijan yo lye avèk risk yo.

- Patisipan:
 - 7382 patisipan REPRIEVE otal
 - Laj mwayen: 50 lane
 - 31% te fèt fanm (fanm alanesans)

Eskò Risk Maladi Kadyak pou PWH: Eskò risk maladi kadyak yo sèvi pi plis la, Ekwasyon Gwoupe Kowòt (Pooled Cohort Equations, PCE) American College of Cardiology/American Heart Association, sèvi avèk laj, sèks, ras, tansyon ateryèl ki wo, dyabèt, kolestewòl LDL ki wo, ak fimèn pou fè previzyon sou chans yon moun genyen devlope maladi kadyak nan pwochen 10 lane yo. Eskò mwayen a te relativman fèb a 4,5% (sa ki montre mwens pase 5% chans pou gen yon maladi kadyak (tankou yon kriz kadyak nan 10 pwochen lane yo) epi prèske yon tyè te genyen yon eskò risk nan kategori risk posib ki pi ba a (pi ba 2,5%).

Eskò Sante Kè pou PWH: Anketè yo te sèvi avèk Life's Simple 7 American Heart Association a, ki konsidere fimèn, rejim alimantè, aktivite fizik, endis mas kòporèl, tansyon ateryèl, kolestewòl total, ak glikoz, pou elavye sante kè. Eskò mwayen a se te 9 (sou yon posibilite 14). Yon tyè nan patisipan yo te genyen 2 oswa mwens konpòtman ideyal, sèlman 105 (1,4%) patisipan te genyen 5 oswa plis konpòtman ideyal.

Kijan eskò risk maladi kadyak lye avèk eskò sante kè: Byen souvan, konpòtman sante yo pat satisfèzan (sitou rejim alimantè ak aktivite fizik) menm pami patisipan ki te genyen eskò risk maladi kadyak ki te pi ba a.

An rezime, anketè yo dekouvri eskò ki sèvi pi plis pou mezire risk maladi kadyak la pa rive evalye konpòtman komen ki pa bon pou sante kay PWH, ikonpri rejim alimantè pa satisfèzan, endis mas kòporèl (BMI) ki wo, ak aktivite fizik ki fèb. Konpòtman sa yo te komen pami patisipan REPRIEVE yo, kèlkeswa risk tradisyonèl maladi kadyak la, kidonk sa vin montre entèvansyon nan mòd devyi yo gen dwa enpòtan pou PWH pou fè prevansyon kont maladi kadyak, epi li ta dwe fèt an menm tan avèk tretman konvansyonèl.

REPRIEVE Trial Website: reprivetrial.org

Dekouvèt yo pataje nan rezime sa a sòti nan popilasyon REPRIEVE la a yon moman espesifik nan dire a. Dekouvèt sa yo se deskripsyon yo ye epi yo pa fèt nan lide pou chanje swen klinik. Si ou genyen kesyon sou sa ou li yo, tanpri pale avèk manm ekip etid REPRIEVE la nan sit lokal ou a oswa avèk yon founisè swen sante.